

## Chaplè Lapriyè Pou Fanmi you

Pandan n ap klotire selebrasyon senkantyèm ane ekzistans Achidyosèz la, pou fèt “Notre-Dame” Wozè a, m ap ofri nou an brèf pou okazyon sa a kèlke refleksyon sou lavi La Sent Fanmiy la ki kapab sèvi kounye a nan pwòp lavi fanmiy nou. Evenman sa yo rele mistè paske yo pèmèt nou ekzamine an pwofondè lavi Bondye ak lagras ki ekziste nan mitan nou chak, ansanm ak apèl nou resevwa pou nou viv lavi nou totalman menm jan ak Jezi, Mari ak Jozèf. Mwen lapriyè pou lèt pastoral sa a ede nou apresye renouvèlman Sakreman Mariaj la epi pou l ban nou opòtinite pou tout fanmiy k ap viv nan Achidyosèz Miami fè yon renouvèlman espiyèl. Mwen gen espwa ke lèt sa a kapab enspire moun k ap li l la yon volonte pou l resite Chaplè l chak jou pandan l ap medite regilyèman sou mistè yo.

Mistè wozè a ban nou opòtinite pou nou ekzamine an pwofondè lavi yon fanmiy, Fanmiy Ajelik la: Jezi, Mari ak Jozèf. La Sent Famiy okipe yon plas espesyal nan tradisyon Katolik la paske li sèvi kòm yon bon modèl pou tout fanmiy nan tout laj.

Lè n ap medite sou La sent Famiy nou kapab aprann renmen, aprann fè devosyon, aprann pran responsablite, aprann fè sakrifis yon manman ak yon papa adoptif pou yon timoun, epi tou renmen, respè ak obeyisans you pitit gason gen pou paran li.

Jeneralman se wòl sa a chak fanmy genyen pou yo ranpli. La Sent Famiy se yon fanmiy espesyal, li pa espesyal paske lavi yo te diferan de lavi pa m ak lavi pa ou; petèt sikonstans tan an ak andwa yo sètènman chanje. Lavi Lasent Famiy lan te espesyal paske “Redeemer”(Moun ki te fèt san peche a) ak Sovè tout moun te soti nan Fanmiy sa a. Nan Fanmiy sa a Pitit

## Chaplè Lapriyè Pou Fanmi you

Gason Bondye a te fèt kòm moun pou l te kapab vini Chemen laverite ak lavi a pou nou. Men Fanmiy Anjèlik la te viv jou apre jou menm jan avèk nou.

### Mistè Jwaye

Istwa Lasent Famiy la kòmanse avèk anonsman yon Timoun ki pra l fèt.

Anonsiyasyon an se lajwa, men nouvèl yon timon ki pra l fèt te jete anpil konfizyon. Mistè konsepsyon sa a te mande pou Mari ak Jozèf te gen yon lafwa solid devan yon evenman ke yo pa t konprann.”Anyen pa enposib ak Bondye.” Konsepsyon chak timoun mande kwayans nan Bondye pou travay paran yo kapab vin yon siksè.

Sèn Vizitasyon an montre n kijan li enpòtan pou alye ak fanmiy pwolonje yo, pataje jwa yo, pou yo gen sipò kolektif ak atansyon nesèsè pou pwosperite manm fanmiy yo. Rankont familyal pou kelkeswa rezon an kapab ranfòse lyen nan chak manm fanmiy lan. Entegralite tout fanmiy lan sipoze byen konsève kelkeswa pri a. Bon prensip kapab toujou fè lavi fanmiy lan vin pi fò ak sakreman mariaj la.

Nesans Jezi se yon gwo evènman pou tout fanmiy ki sou tè a. Chak fwa yon moun fèt, nou tounen fè pwòp esperyans kè sere devan gwo kado sa a nou rele lavi a, kapasite san limit sa a chak manm genyen tout bon an. Tout lavi soti nan men Bondye e li gen yon wòl apa nan plan lapwovidans Bondye. Paran yo patisipe nan renmen Bondye ki kreye lavi. Lanmou yo,

## **Chaplè Lapriyè Pou Fanmi you**

atansyon ak ekzanp nou bay pitit nou yo se kado ki pi presye nou te kapab ofri yo.

Prezantasyon Jezi nan tanp la fè chak paran katolik sonje obligasyon yo genyen pou yo grandi ak fè edikasyon pitit yo nan lafwa tankou Mari ak Jozèf te fè a. Li rele paran yo poukont yo pou yo kapab vini yon modèl relijye remakab pou pitit yo. Paran edike pitit yo ak tout kalite bon egzant. Yo se premye pwofesè lafwa pou pitit yo; lekòl yo la pou sipòte paran yo nan resposablite yo.

Rekouvremant Jezi nan Tanp lan pandan li t ap anseye prouve n ke chak fanmi gen pwòp pwoblèm yo, anksyete tankou lè Jezi te separe ak paran l yo pou l te ale nan Tanp la. Jozèf ak Mari yo tou de te panse ke youn osinon lòt t ap voye je sou Jezi. Mistè sa a montre nou kouman li enpòtan pou gen kominikasyon ant manm fanmi yo. Konvèsasyon Jezi ak otorite li t ap anseye yo fè nou sonje kelkeswa entelijans ak edikasyon nou te resevwa, Jezi toujou kapab ajoute yon konesans anplis nan lavi n.

### MISTÈ LIMYÈ YO

Kounye a nou avanse nan matirite Jezi. Non Sen Jozèf pa site ankò nan Bib la, poutèt sa nou panse ke li deja ale rankontre ak Granmèt la. Mari t ap voye je sou Jezi, e Jezi t ap voye je sou Mari. Pandan ke Jezi t ap avanse nan laj, nou wè l t ap travay pou l sove pechè yo; Li vwayaje you kote a you lòt kote pou l preche e li te itilize siy ak mirak pou l te montre moun yo ke li t ap fè yon misyon sakre kòm Pitit Bondye te chwazi a.

## Chaplè Lapriyè Pou Fanmi you

Batèm nan Jouden an se te kòmansman lavi piblik Jezi. Jan Batis te rele l Mouton Bondye, ki te siyifi sakrifis ki te fèt tankou mouton Paskal yo te tiye jou fèt Jwif yo pou san an te kapab sèvi pou delivre pèp Ebre yo ki te nan esklavaj nan Peyi Ejip. Nan batèm sa a misyon Jezi te kòmanse pou l te etabli Wayòm Papa l menm jan batèm nou ban nou chak nan fason pa nou yon mwayen pou nou asosye misyon nou ak misyon LEgliz la. Pawas nou ban nou yon pakèt opòtinite pou nou tout patisipe e ekzèse misyon sa a. Pawas yo ede tout fanmiy kenbe je yo fikse sou wayòm Bondye a, men pa sou sa kap pase nan lemon. Jodi a lavi monden an se yon gwo enfliyans sou fanmiy yo e li retire imaj espiyityèl yo. Men avèk lafwa nou ak Jezi k ap gide nou, nou kapab kenbe imaj espiyityèl nou.

Nan bèl maryaj ki te selebre jou fèt nan Kana a, Granmèt nou an te fè premye mirak li epi li te fè maryaj vin tounen yon sakreman, yon siy ki montre renmen natirèl ki ekziste ant yon gason ak yon fi ki kounye a vin reprezante sou tè a lanmou Bondye pou tout pèp li yo; you lanmou lwayal, ki mande sakrifis epi ki toujou gen anpil padon ak konpasyon. Jezi, Mari ak disip yo te viv selebrasyon maryaj sa a tankou chak fanmiy fè nan menm okazyon sa a. Sakreman yo senp, yo se siy natirèl ki fè nou pran yon lòt grad. Nou patisipe nan lavi a, pi lwen lavi a, lavi jan Bondye vle li ye a. Chak maryaj Katolik vin sakre lè Jezi prezan pou asiste koup la nan bezwen yo. Fòs sosyete nou an kanpe sou fòs sakre a ki ini lavi fanmiy lan.

Si pou gen lapè ak amoni nan mitan manm fanmiy yo se pou konvèsyon an kontinye nan chak fanmiy. Se pou fanmiy lan repoze l sou gras Bondye. Nou p ap janm fè okenn pwogrè espiyityèl si n ap kontinye

## Chaplè Lapriyè Pou Fanmi you

peche kont Bondye ak kont youn ak lòt san lagras Bondye. Nou bezwen chèche gras Bondye nan lapriyè, konfesyon ak nan refleksyon chak jou nan renmen Bondye a ak nan pwòp fason nou aji san panse a yon lòt moun. Tanzantan nou youn blese lòt ke nou vle ke nou pa vle. Nou bezwen pou nou youn mande lòt padon. Chak moun dwe eseye fè premye pa a pou rekonsilyasyon an. Konfesyon regilye se meyè fason ki kapab mennen konvèsyon you moun ak tout kè l.

Lè figi Jezi te chanje fòm lan(Transfigirasyon)li te revele Pyè, Jak, ak Jan pouvwa sakre l la sou Mòn “Tabor” a yo te envoke espwa yo pou nou chak. Papa a te ban nou Pitit ki chè pou li a e li te kòmande nou pou nou te suiv li. Lè nou va fè sa nou menm tou nou va gen yon chanjman nan lavi nou. Lavi sakre Bondye pataje avè nou nan batèm nou an kapab kòmanse gaye nan lavi nou. Nou chak pa Gras Bondye kapab vini pitit Gason osinon Pitit Fi Bondye a nan moun li vle a. Sa vle di nou dwe toujou fè posib nou, pou nou fè sa ki meyè nan mitan nou, epi kontinye nan menm direksyon an. Plis nou imite Jezi Pitit ki Chè pou Bondye a plis n ap resevwa gras Bondye a.

Lekaristi, dènye soupe a te yon repa pou tout moun ki te nan kay Granmèt la. Menm jan lè yon fanmiy manje ansanm chak jou li rann manm fanmiy yo solid nan renmen pandan y ap pataje ansanm menm manje a, Lakominyon nou pataje le Dimanch lan mare nou ansanm youn ak lòt nan lanmou Papa a Pou nou chak. Enpòtans repa nou manje chak jou avèk tout manm nan fanmiy nou yo pa kapab ekzajere. La a, ou pataje lavi ou, lajwa ak lapenn ou. La a, ou jwenn fòs, sipò ak espwa. Plis nou konprann e apresye repa nou manje chak jou ansanm lan, plis nou pra l apresye

## Chaplè Lapriyè Pou Fanmi you

Lakominyon nou pataje ansanm Dimanche nan pawas nou yo avèk fanmiy espiyèl nou yo. Lè nou ranvèse l se menm jan tou li ye. You reyèl apresiyasyon Lanmès Dimanche lan mande nou pou nou medite sou enpòtans maje nou manje ansanm ak fanmiy nou yo.

### MISTÈ DOULOURE

Chak fanmiy kèlkeswa laj yo, gen you moman pou yo soufri nan lavi yo. Soufrans lan kapab espiyèl, fizikal, osinon emosyonèl. Dezagreman, mekontantman, maladi, depresyon lanmò vini nan lavi n. Menm jan sa te rive nan lavi Jezi ak Mari. Peson nan nou menm pa kapab evite eprèv sa yo. An menm tan yo kapab parèt negatif, men si nou gade Jezi, nou kapab aprann aksepte moman sa yo kòm espwa, kòm redanmsyon. Soufrans ak lanmò Jezi a pote yon vi nouvèl pou li ak pou nou tout. Prezans Mari chak jou nan moman nwasè lavi Pitit li a te rekonpanse avèk jwa lè l te wè Jezi apre li te finn resisite. Epi tout tristès te tounen an jwa paske li te kwè.

Agoni Jezi nan jaden an te fè l antre nan lapriyè paske soufrans ak lanmò a t ap apwoche. Dezapwentman ak feblès apot li te chwazi yo ansanm ak lòt moun ankò te twò lou pou l te pote. Tout sa l te fè ki bon yo te mele ak tout sa ki te mal e yo pa t aksepte. Chak endividi gen yon moman depresif ak regrè lè gen yon dezagreman. Sansasyon nou genyen lè nou kwè nou ka andanje kapab fè nou swe tou gout san nou, menm jan sa te fèt pou Jezi. Lè nou panike osinon nou nan nwasè, lapriyè kapab ede nou tou, bwè yon koup amè menm lè li

pa t fèt pou nou. Lè nou poukont nou ak Granmèt la nan lapriyè se pou nou sonje ke Bondye toujou la avèk nou e li p ap janm abandone nou.

## Chapèlè Lapriyè Pou Fanmi you

Kout fwèt yo (flajelasyon) te bay Jezi sou poto a te yon pinisyon ki te vle di anpil. Lè Jezi te pran fòm kò nou an, li te fè kò sa a tounen yon kò sakre. Kò imen nou genyen an se yon kado Bondye te ban nou. An dedan kò nou gen nanm nou ki fè nou sanble ak Bondye e li ban nou posiblite pou nou viv pou tout tan ak Bondye, e pou nou angaje n nan tout aktivite espiyèl tankou lapriyè, meditasyon, pou n chache Bondye. Maltrete pwòp kò nou osinon kò yon lòt moun entansyonèlman siyifi ke nou mal sèvi ak kado Bondye ban nou an. Nou dwe pran swen kò nou pou nou ka gen lasante epi itilize fòs fizik nou ak abilite seksyèl nou selon plan Bondye a. Malerezman, vyolans domestik gaye toupatou jodi a. Detrès pa dwe sèvi kòm eskiz pou vyolans kontinye nan fanmiy nou. Imilite ak chastete kapab ede nou nan sikonstans sa yo. Imilite aprann nou respekte kò nou ak kò lòt moun. Fason nou abiye ak fason nou aji dwe reflekte kwayans nou paske nou se tanp Lespri Sen an. Konduit imoral ak abiman endesan vyole sentete kò nou. Paran yo dwe anseye pitit yo imilite ak chastete.

Kouwòn pikan an te fèt pou ridikilize Jesi ak wayòm li an. Sa te vrèman ensiltan pou Jezi ki te mouri pou l te sove limanite. Anpil fwa nou menm tou nou ensilte yon lòt moun san nou pa t gen entansyon fè sa, an menm tan nou konn ensilte lòt moun, fanmiy nou ak zanmi nou ak pwòp volonte nou. Konbyen fwa nou itilize pouvwa kominikasyon ke nou resevwa kòm kado an pou nou blese yon lòt? Nou konn mete plis lapenn nan yon fanmiy ak zanmi lè n ap fè yon move remak, bay yon manti ak joure. Bèl langaj pwòp nan tan pa nou fè chemen pou langaj vilgè, degrade. Sosyete a jeneralman ale nan sans sa a, fanmiy yo pa te do tolere vilgarite sa yo lakay yo osinon lòt kote. Lavi an komen nou genyen an te dwe reklame yon gran

## Chaplè Lapriyè Pou Fanmi you

respè youn pou lòt epi itilize yon langaj pwòp menm jan nou pale ak tout moun. Se pou nou itilize Kado kominikasyon nou resevwa a pou n amelyore lavi nou men pa pou nou youn blese santiman lòt.

Jezi te ban nou yon egzanp lè li te aksepte pote Kwa sa a. Chak moun gen yon kwa pou yo pote. Se sa ki fè Jezi te gen youn; li te tankou nou nan tout sa li t ap fè eksepte peche. Kwa antre nan lavi chak moun ak chak fanmiy. Kwa Jezi a se te tout pwoblem peche nou yo – pa peche pa li. Peche nou yo pote lakwa ban nou ak lòt yo. Lè Jezi te anbrase kwa sa a avèk renmen se te yon modèl pou fè nou konnen sa mistè lakwa a ye vrèman. Lè nou menm aksepte kwa a ak lanmou li idantifye nou ak Jezi e li retire nou nan egoyis. Lè nou ofri kwa a chak jou pou lòt moun sa fè nanm yo vin sen. Soufri pou lòt moun mennen anpil nanm bay Bondye. Kwa Jezi a pote sali ba nou chak. Paran pote kwa pou pitit yo, e paran yo dwe montre timoun yo pote kwa pa yo pou pwòp paran yo ak pou lòt moun tou.

Lanmò Jezi sou kwa a kòm yon vòlè te imilyan e degradan. Petèt nou youn p ap janm mouri konsa, men nou chak gen pou nou mouri. Sa fè pati lavi a; e sa fè pati chak fanmiy tou. Nou pa gen okenn kontwòl sou kijan nou dwe mouri. Se yon benediksyon lè yon moun mouri antoure ak fanmiy li, zanmi l k ap lapriyè, veye pou Granmèt la vin pran l. Lè yon moun nou renmen malad anpil nou fèt pou n rele yon Pè pou l vin ba l sakreman onksyon Luil sakre a, e tout fanmiy lan dwe la pou yo lapriyè ansanm. Menmjan, lè gen lanmò fanmiy lan fèt pou sonje ke Legliz ap lapriyè pou moun ki mouri a, dwe gen yon Mès pou antèman an ak lòt Mès ankò pou entansyon moun ki mouri a; pou yo vizite kote moun nan antere a pou yo ka lapriyè nan inyon ak moun sa a yo te renmen an. Kwayans nou nan

## **Chaplè Lapriyè Pou Fanmi you**

kominyon ak sen yo fè nou konnen ke lanmò pa koupe relasyon nou ak moun nou renmen yo; relasyon an sèlman chanje pou n tann gran reyinyon an avèk moun nou renmen yo e Granmèt la pou tout letènite.

Tout fanmiy nou yo fè eksperyans soufrans ak lanmò you fason osinon yon lòt fason. Nan tan pa nou, vyolans ant mari ak madanm, vyolans ak timoun nou yo ogmante doulè nan anpil fanmiy. Chak soufrans ak lanmò kapab mennen yon rezireksyon briyan ki vin fè nou retounen nan yon lavi nouvèl. Se ansèyman Jezi nan tan paskal la pou Semèn Sent lan.

### **Mèvèy Glwa Bondye**

Chak fanmiy gen yon tan pou yo fete kè kontan yo. Lè Jezi Granmèt nou an leve byen vivan, Mari, apot yo ak lòt patizan Jezi ki te wè l yo te gen yon kè kontan estraòdinè. Eske nou kab imajine rankont Jezi ki leve vivan fè ak manman l Mari? Lè Jezi monte nan syèl la menm li kite yo pou l ale pare yon plas pou yo ak pou nou nan kay Papa a, kote li vle viv ansanm avè n. Lavi sou tè a se chemen ki Mennen n nan lavi na pataje avèk Granmèt la nèt ale. Bondye kreye n pou nou tounen manm fanmiy li pou tout tan.

Lapannkot bò kote pa l chanje apot ki te rasanble ansanm ak Mari nan chanmòt la nèt ale. Se menm Lespri Sen ki te desann sou yo a ki fè moun tout jenerasyon tounen patizan Jezi nan sakreman batèm ak konfimasyon. Moun sa yo ki pa t kab aji e ki te nan laperèz, Lespri Sen an fè yo tounen gason ak fanm vanyan, nan lafwa. Kle ki ouvè pòt chanjman sa a, se you kè decide, you kè plen renmen, ki ouvè pou koute Lespri Sen an. Jodi a menm

## **Chaplè Lapriyè Pou Fanmi you**

fèt n ap fè nan fanmiy nou yo bay lavi n nan Granmèt la ak nan Legliz li a anpil fòs. E konsa timoun yo kapab aprann kouman lavi Bondye fè yon sèl ak lavi fanmiy nou. Fanmiy nou yo fè esperyans gwo kè kontan lavi Bondye a divès fason: nan batèm, konfimasyon, maryaj, òdinasyon dyak, pè, evèk, ou byen ankò nan pwofesyon relijye. Nan fanmiy nou gen lòt tradisyon pèsònèl nou renmen anpil.

Papa yo ak manman yo respekte reyinyon fanmiy sa yo e yo ba yo yon plas espesyal, e yo gen rezon paske reyinyon sa yo se sous lavi, fòs pou yon fanmiy kanpe fèm ak sous limyè pou fanmiy lan. Konsa tou Mari gen yon plas espesyal nan yon kay ki se kay Granmèt la.

Mari ki deja monte nan syèl la ni ak nanm li ni ak kò l ban n asirans nou menm tou nou fèt pou syèl la. Anwo a bò kote Bondye Papa a, apre Pitit li Jezi ki wa a, se Mari ki gen premye plas la. Li se Larèn syèl la. Manman Jezi gen privilèj al jwenn Granmèt la dirèk dirèk, paske Bondye fè l favè espesyal sa a. Nou resevwa pwomès sa a: si nou suiv lòd renmen Granmèt la pase n lan, lè Jezi va retounen pou dènye jijman an nou va ansanm avè l, ansanm ak manman Mari, ak tout lòt moun ki sen nan syèl la. Lè sa a n a rasanble tou ansanm ak tout moun nou renmen e ki pran devan n, nan lafwa yo.

### **Konklizyon**

## Chaplè Lapriyè Pou Fanmi you

Lavi an Fanmiy fèt pou l yon meditasyon, yon preparasyon pou lavi ke nou pra l jwen nan fanmiy Bondye a ki envite nou pou n al viv la. Syèl la se destinasyon nou. Bondye Papa a ap tann nou. Se dezi Bondye pou l pataje lavi l ak fanmiy li pou tout tan. Malgre sikonstans yo, li kòmanse sou tè a avèk chak fanmiy ak asistans Bondye.

Pandan n ap medite sou lavi Lasent Famiy lan nan mistè Sakre Wozè a se pou nou chak ogmante dezi nou pou nou jui nèt ale lavi Bondye mete nan nou an lè nou t ap batize a. Wozè a fè nou sonje lavi senp Fanmiy Anjèlik la t ap Mennen an ki jis kounye a ap sèvi nou yon modèl.

Malgre kalite sosyete n ap viv la gen anpil batay pou lavi se apirasyon reyèl pou senplisite a ki fè lavi a sakre. La Sent Famiy lan se mechè gid nou genyen pou lavi fanmiy nou yo. N ap lapriyè pou Jezi, Sovè nou an, Sen Jozèf, Gadyen Legliz inivèsèl, ak Mari, “Notre-Dame” Wozè a eklere, enspire, e gide tout fanmiy nan Achidyosèz “Miami” pou yo genyen yon lavi sen e sakre. Ke chak manm nan fanmiy sa yo goute lapè ki vini sèlman lè n ap mache ak limyè lafwa nan wout Granmèt la.

Kouman pou nou Lapriyè Wozè a (osinon chaplè, Lè se 5 mèchè yo nou rele l chaplè, lè se 20 mèchè yo nou rele l wozè.)

- 1.- Fè siy lakwa epi deklare lafwa n daprè Kredo Apot yo.
- 2.- Fè Lapriyè “Papa nou ki nan syèl la.”

## Chaplè Lapriyè Pou Fanmi you

3.- Fè Lapriyè “Mari se pou kontan” 3 fwa

4.- Fè Lapriyè “Viv Papa ak Pitit la ak Lespri Sen an”

5.- Anonse premye mèvèy Bondye fè a – epi fè Lapriyè “Papa nou ki nan syèl la.”

6.- Fè Lapriyè “Mari se pou kontan” 10 fwa etan w ap reflechi sou mèvèy ki te pase yo

7.- Fè Lapriyè “Viv Papa ak Pitit la ak Lespri Sen an”

8.- Anonse dezyèm mèvèy Bondye fè a – Lapriyè “Papa nou ki nan syèl la” Repete nimewo 6 la ak nimewo 7 la epi kontinye avèk twazyèm, katriyèm, e senkyèm mèvèy Bondye fè a nan menm fason an.

Lapriyè apre chaplè a osinon wozè a

Sali pou ou larèn ki sen, Manman kè sansib, ou menm ki lavi nou, ou menm ki dous pou nou e ki espwa nou! N ap kriye nan pye ou, nou menm pitit Èv. Egzile ki pèdi kay syèl la. N ap leve je n anlè pou n gade ou e n ap plenyen ba ou etan n ap kriye dlo nan je sou tè sa a. Tanpri, ou menm bon avoka nou an voye je pa ou sou nou, je sa yo ki plen padon. E lè egzil nou va fini sou tè a, montre nou Jezi, Pitit beni sa a ki soti nan vant ou an: O, ou menm ki si tèlman bon! O, ou menm ki si tèlman renmen nou! O ou menm ki si tèlman dous pou nou, Lavyèj Mari!

V. Manman Bondye ki sen, lapriyè pou nou.

R. Pou nou kapab merite e jwenn pwomès Kris la.

An nou lapriyè. Bondye o, sèl grenn Pitit ou a, poutèt lavi l, lanmò l ak leve li leve byen vivan an rive jwenn rekonpans lavi ki p ap janm fini an

## **Chaplè Lapriyè Pou Fanmi you**

pou nou. Tanpri souple, poutèt lapriyè nou sot lapriyè sou mèvèy li fè pou nou ak konkou Manman Mari, fè nou rive suiv mèvèy sa yo e fè nou kado tou sa yo pwomèt nou an. Pa pouvwa menm Jezi-Kri, Granmèt nou an. Amèn.

Aprè chak dizèn, fè lapriyè Lavyèj Mari te mande n pou n fè nan Fatima a. “Jezi O, padone peche nou, sove n anba dife lanfè, Mennen tout moun nan syèl, sitou sa ki pi bezwen kè sansib ou a.

Daprè lide Pap Jan Pòl 2, resite Mèvèy kè Kontan yo Lendi ak Samdi. Mèvèy Limyè yo Jedi. Mèvèy soufrans yo Madi ak Vandredi. Mèvèy Glwa Bondye yo Mèkredi ak Dimanch. ( Dimanch Nan sezon Nwèl resite mèvey Kè kontan an, Dimanch nan sezon Karèm resite mèvèy soufrans yo.)